

## **Aplikasyon pou Vin Founisè Aparèy pou Moun Tande — Moun ki Enskri Apa Sètifika Pwovizwa pou Enskripsyon ak Egzamen**

*Li enstriksyon yo avèk anpil atansyon anvan ou ranpli aplikasyon an. N ap retounen aplikasyon ki pa fin ranpli yo, epi sa ap lakòz ou jwenn reta pou resevwa lisans ou. Si ou pa mete yon enfòmasyon, si ou mete enfòmasyon ki pa gen prezizyon oswa si ou pa bay tout enfòmasyon yo nan yon aplikasyon oswa si ou pa bay tout dokiman sipò, nou ka gen rezon ki ase pou ba ou refi pou yon lisans, oswa, si nou ba ou yon lisans, nou kapab sispann li oswa anile li.*

### **Sa ki nan blòk dokiman sa a?**

Blòk dokiman aplikasyon sa a gen ladan tout enfòmasyon ak fòm w ap bezwen pou aplike pou anrejistre kòm yon founisè aparèy pou moun tande, egzamen, ak anrejistreman pwovizwa. Yon aplikasyon ou ranpli ap gen ladan fòm aplikasyon twa (3) paj; frè apwopriye a (*ki endike nan paj 3 ak nan fòm aplikasyon an*), ak nenpòt dokiman nou mande ou.

### **Kimoun ki dwe aplike pou yon anrejistreman founisè aparèy pou tande?**

Nenpòt moun ki angaje nan distribiye aparèy pou moun tande dwe anrejistre avèk Sekretè-Deta a. Lwa Jeneral sou Biznis (General Business Law) [Atik 37-A, §789(8)] defini yon founisè aparèy pou moun tande kòm “nenpòt moun ki gen laj 21 ane oswa plis oswa kòm yon odyolojis ki gen lisans anba... Lwa sou Edikasyon (Education Law) [Atik 159] epi ki angaje nan distribiye aparèy pou moun tande...”

Nenpòt moun ki patisipe nan yon pwogram estaj pou distribiye aparèy pou moun tande dwe anrejistre tou. Yon estajye se nenpòt moun ki gen laj 21 ane oswa plis ki, apre li resevwa yon anrejistreman pwovizwa, ap etidye distribisyon aparèy pou moun tande nan yon pwogram anba sipèvizè ak fòmasyon yon founisè ki anrejistre.

Anrejistreman yon founisè aparèy pou moun tande pa ba ou pèmision pou opere yon biznis; ou dwe gen yon anrejistreman apa pou fè biznis lan.

### **Ki kalifikasyon ak dokiman sipò mwen bezwen pou aplike pou anrejistreman an?**

### **Ou kapab aplike dapre nenpòt nan kategori ki endike anba la yo:**

#### **1. Odyolojis:**

**Odyolojis ki gen lisans anba atik 159 Lwa sou Edikasyon (Education Law) epi ki angaje nan vann aparèy pou moun tande dwe anrejistre avèk Sekretè-Deta a.**

#### **A) Odyolojis ki gen eksperyans:**

Si ou gen prèv eksperyans nan vann aparèy pou moun tande nan Eta New York imedyatman anvan 1ye janvyè 2000, ou dwe soumèt:

- yon aplikasyon ou ranpli avèk Dokiman 1A ki gen kaz ki koche a;
- yon frè \$150 non-ranbousab pou aplikasyon an;

- prèv eksperyans nan vann aparèy pou moun tande nan Eta New York imedyatman anvan 1ye janvyè 2000.
- yon kopi dènye lisans ou kòm yon odyolojis.

#### **Prèv eksperyans ki akseptab:**

Pou ou kapab kalifye pou yon anrejistreman founisè aparèy pou moun tande san ou pa fè egzamen, ou dwe bay prèv eksperyans ou pou omwen 6 mwa nan vann aparèy pou tande. Tèm, “distribisyon aparèy pou moun tande” gen ladan chwazi, vann, lwe, adopte oswa repare aparèy pou moun tande.

Ou ka montre prèv eksperyans ou genyen nan vann aparèy pou moun tande jan sa endike anba la a:

- Avèk deklarasyon sou sèman ou ki bay detay sou limit, kalite ak dire eksperyans ou nan vann aparèy pou moun tande.
- Yon kopi lisans odyolojis ou te resevwa nan Depatman Edikasyon Eta New York.
- Yon kopi lisans vandè ou pou aparèy pou moun tande (si genyen).
- Deklarasyon sou sèman sipò (referans) patwon yo, asosye yo, kòlèg yo, oswa kliyan yo bay epi ki endike kalite ak limit aktivite distribisyon aparèy pou moun tande ou.
- Lòt prèv sipò pou eksperyans ki ka gen ladan pòsyon enpòtan fòm deklarasyon taks ou, fòm 1099, fòm W2, dokiman kontra ki montre tranzaksyon distribisyon aparèy pou moun tande, oswa resi yo.

#### **B) Odyolojis ki pa gen eksperyans:**

Si ou pa gen eksperyans nan vann aparèy pou moun tande, w ap jwenn egzansyon nan egzamen alekri a, nan kou enstriksyon an ak nan pwogram fòmasyon sou 12 mwa, men w ap gen obligasyon pou fèt konpetans pratik la. Pou aplike pou anrejistreman an, ou dwe soumèt:

- yon aplikasyon ou ranpli avèk Dokiman 1B ki gen kaz ki koche a;
- yon frè \$200 ki pa ranbousab (pou peye frè \$150 aplikasyon an ak frè \$50 pou tès konpetans pratik la sèlman); ak
- yon kopi dènye lisans ou kòm yon odyolojis.

#### **NÒT:**

- ▶ **Sètifika Anrejistreman Pwovizwa pa disponib.**
- ▶ **Ou dwe pase tès konpetans pratik la. Lè ou pase tès sa a, n ap voye yon anrejistreman pèmanan pa lapòs pou ou.**

**Atansyon kandida pou ane bousdetid klinik Odyoloji:** Si ou vle distribiye aparèy pou moun tande nan yon anvivonman klinik tankou CFY, ou dwe aplike pou **yon lisans pwovizwa**,

# Aplikasyon pou Vin Founisè Aparèy pou Moun Tande – Moun ki Anrejistre Apa

*menmsi ou nan estaj ou.* Chwazi kategori 2 sou aplikasyon sa a. (Answit, klinik kote w ap travay la dwe anrejistre kòm yon biznis founisè aparèy pou moun tandè.)

## NÒT:

- ▶ Kontakte Biwo Nòm Edikasyon (Bureau of Educational Standards) nan nimewo 518-486-3803 pou yon aplikasyon nan lekòl la.

Lè ou posede yon lisans odyolojis, ou ka aplike pou yon anrejistremant founisè aparèy pou moun tandè. Chwazi kategori 1B sou aplikasyon founisè aparèy pou tandè. Answit, n ap ba ou yon randevou pou yon egzamen pratik, imedyatman li posib. Lè ou pase egzamen an, n ap ba ou yon anrejistremant founisè aparèy pou tandè.

## 2. Moun ki aplike pou premye fwa (premye anrejistremant pwovizwa):

Si ou aplike pou premye fwa, ou ka aplike pou premye Sètifika Anrejistremant Pwovizwa ou depi ou soumèt:

- yon aplikasyon ou ranpli ansanm avèk Dokiman 2 ki gen kaz koche a ak seksyon Deklarasyon Patwon sou Sèman ki ranpli epi ki gen siyati founisè aparèy pou moun tandè anrejistre sipèvizè a; epi
- yon frè \$30 ki pa ranbousab pou yon Sètifika Anrejistremant Pwovizwa.
- Ou dwe gen yon diplòm lekòl segondè oswa ekivalan diplòm li.
- Anplis sa ki endike anwo a, dapre §790(1)(a)(ix) Atik 37-A Lwa Jeneral sou Biznis, moun ki aplike yo nan dat 1ye janvyè 2003 oswa apre dat sa a dwe mete prèv patisipasyon yo nan swa yon diplòm sou dezan oswa 60 èdtan kredi. Prèv ki akseptab la se kopi yon diplòm oswa relvednòt orijinal lekòl la.

Lè nou ba ou Sètifika Anrejistremant Pwovizwa a, n ap konsidere ou kòm yon estajyè.

## NÒT:

- ▶ Ou dwe patisipe nan yon pwogram fòmasyon sou 12 mwa anba sipèvizyon dirèk yon founisè ki anrejistre, ou dwe patisipe nan kou enstriksyon leta egzijè epitou ou dwe pase egzamen alekri ak egzamen pratik.

## 3. Moun ki aplike pou premye fwa (lòt anrejistremant pwovizwa):

Si ou se yon estajyè ki aplike pou yon lòt Sètifika Anrejistremant Pwovizwa, ou dwe soumèt:

- yon aplikasyon ou ranpli ansanm avèk Dokiman 3 ki gen kaz koche a ak seksyon Deklarasyon Patwon sou Sèman ki ranpli epi ki gen siyati founisè aparèy pou moun tandè anrejistre sipèvizè a;
- yon frè \$30 ki pa ranbousab pou yon Sètifika Anrejistremant Pwovizwa.

## 4. Estajyè—ki aplike pou egzamen:

Si ou se yon estajyè ki te patisipe nan sis (6) mwa fòmasyon sipèvizè ak kou enstriksyon ki vle pou pran egzamen, ou dwe soumèt:

- yon aplikasyon ou ranpli avèk Dokiman 4 ki gen kaz ki koche a;
- yon frè \$50 pou egzamen non-ranbousab (frè \$50 ki akonpaye premye aplikasyon sa a ap aplike pou egzamen pratik ak egzamen alekri; apre sa, frè a se \$50 pou chak egzamen);
- Sètifika ou resevwa pou kou a ak fòmasyon sou sis (6) mwa ki bay moun yo dwa pou yo pran tès pratik konpetans lan ak egzamen alekri yo.

## 5. Estajyè—ki aplike pou yon anrejistremant pèmanan:

Si ou se yon estajyè ki te patisipe nan fòmasyon ou, kou nan enstriksyon an epitou si ou te pase toulède egzamen yo, ou ka aplike pou yon anrejistremant founisè aparèy pou moun tandè depi ou soumèt:

- yon aplikasyon ou ranpli avèk Dokiman 5 ki gen kaz ki koche a;
- yon frè \$150 non-ranbousab pou aplikasyon an; ak
- Sètifika ou resevwa pou Fòmasyon sou 12 mwa nan vann aparèy pou Moun Tande founisè aparèy pou moun tandè ki anrejistre a ba ou.

## Si moun ki aplike pou premye fwa pa gen eksperyans anvan (estajyè) epitou si li gen yon anrejistremant pwovizwa, konbyen fwa li kapab pran egzamen an?

Yon moun gen pèmasyon pou pase egzamen alekri a ak egzamen pratik la twa (3) fwa. Si moun nan pa pase egzamen yo pandan twa (3) fwa yo 1 ap gen obligasyon kòm yon estajyè pou rekòmanse pwosesis aplikasyon an — tankou pou li soumèt yon nouvo fòm aplikasyon nan Depatman-Deta, pou li repran kou enstriksyon an epitou pou li patisipe nan pwogram estaj anba sipèvizyon dirèk yon founisè aparèy pou moun tandè ki anrejistre.

## Konbyen lajan frè yo ye epitou ki kondisyon pou anrejistremant an?

- \$50 frè pou premye fwa pou Egzamen Alekri a ak Tès Konpetans Pratik la;
- \$150 pou Sètifika anrejistremant endividyèl kòm yon founisè aparèy pou moun tandè; epi
- \$30 pou Sètifika anrejistremant pwovizwa.

Kantite tan pou anrejistremant an se dezan *men* yon Anrejistremant pwovizwa pou yon estaj valab pou yon ane. Nou ka ba ou yon sètifika anrejistremant pwovizwa ankò sèlman (ankò, pou yon peryòd yon ane), apre verifikasyon alekri sipèvizyon san rete yon founisè aparèy pou moun tandè ki anrejistre.

## Ki fòm peman ou aksepte?

Ou ka peye avèk chèk oswa avèk chèk postal (money order) ki ekri sou non Department of State oswa ou ka peye avèk MasterCard oswa Visa, avèk yon fòm otorizasyon pou kat kredi. Pa voye lajan kach. Nou pa ranbouse frè pou aplikasyon an ak frè pou egzamen an. W ap gen pou peye yon frè \$20 dola pou nenpòt chèk bank ou retounen.

# Aplikasyon pou Vin Founisè Aparèy pou Moun Tande – Moun ki Anrejistre Apa

**Mwen rekonèt estajyè yo bezwen yon kou enstriksyon. Èske se yon enstriktè apwouve ki dwe anseye kou sa a?**

Wi, se yon moun Depatman-Deta, Biwo Nòm Edikasyon kwè ki se yon enstwiiktè apwouve ki dwe anseye kou enstwiiksyon an ki gen de (2) eleman (yon pòsyon teyori ak yon pòsyon pratik). Si yon moun pral anseye nenpòt nan pòsyon eleman sa yo, li dwe soumèt yon aplikasyon enstwiiktè li ranpli (ki disponib nan Biwo Nòm Edikasyon), yon rezime, ak yon frè \$25 ba inite a pou yo travay sou dokiman sa yo. Founisè aparèy pou moun tande ki vle bay kou enstwiiksyon an pou estajyè (yo) dwe jwenn apwobasyon anvan yo kapab bay enstwiiksyon an. Pou jwenn apwobasyon, founisè a dwe gen 3 ane eksperyans nan vann aparèy pou moun tande oswa yon nan yon domèn ki gen pou wè dirèkteman avèk distribisyon aparèy pou moun tande.

**Ki kote mwen kapab jwenn yon kopi kou enstwiiksyon sou aparèy pou moun tande?**

Ou ka kontakte Depatman-Deta, Biwo Nòm Edikasyon, pou jwenn dènye kopi pwogram kou a.

**Èske gen egzijans pou fòmasyon kontini?**

Wi. Kòm yon kondisyon pou renouvle anrejistremant founisè aparèy pou moun tande ou, w ap gen obligasyon pou fè sa ki endike anba la a anvan renouvèlman an:

- *Founisè yo:* 20 èdtan kredi nan fòmasyon kontini Depatman-Deta apwouve epi ki gen ladan de (2) èdtan sou kontwòl enfeksyon ak inèdtan (1) sou Lwa NYS ak Lwa Federal, règleman ak konduit pwofesyonèl.
- *Odyolojis:* Kat (4) èdtan sijè ki gen pou wè ak founisè aparèy pou moun tande ki gen ladan omwen de (2) èdtan sou sijè kontwòl enfeksyon ak inèdtan (1) sou Lwa NYS ak Lwa Federal, règleman yo ak konduit pwofesyonèl. Ou ka resevwa kantite èdtan sa yo nan satisfaksyon pou gen lisans san rete anba Atik 159 Lwa sou Edikasyon depi moun ki anrejistre a montre li gen prèy li swiv kou sou sijè ki obligatwa yo.

**Èske mwen kapab resevwa yon Anrejistremant ki baze sou lisans mwen te resevwa nan yon lòt eta?**

Pètèt. N ap revize demann aplikasyon moun ki soumèt prèy dènye lisans yo te resevwa nan yon lòt eta kote egzijans yo ekivalan oswa pi plis.

**Rapò konsènan Sipò Timoun**

Yon Rapò konsènan Sipò Timoun obligatwa nan Eta New York (Lwa sou Obligasyon Jeneral) kit ou gen pitit kit ou pa genyen, oswa kit ou gen nenpòt obligasyon pou peye sipò kit ou pa genyen.

**Si yon moun dwe kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere peman nan sipò timoun, nou ka sispann lisans biznis, lisans pwofesyonèl ak lisans chofè moun sa a.** Si ou fè espere pou bay yon fo deklarasyon alekri pou twonpe oswa dekouraje egzeksyon legal obligasyon pou peye sipò, ou ka tonbe anba pinisyon dapre §175.35 Lwa Penal. Si ou bay yon fo dokiman pou mete nan dosye ou nan yon ajans gouvènman leta oswa lokal avèk entansyon pou fè fwod, ou fè yon krim klas E.

**AVI SOU KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON PRIVE**

**Èske mwen dwe bay nimewo Sekirite Sosyal mwen ak nimewo ID Federal mwen sou aplikasyon an?**

Wi, si ou gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo ID (idantifikasyon) federal, ou gen obligasyon pou bay nimewo sa a. Si ou pa gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo ID federal, tanpri bay yon eksplikasyon alekri.

Depatman-Deta gen obligasyon pou pran nimewo Sekirite Sosyal federal ak nimewo Idantifikasyon Patwon tout lisans yo. Nou jwenn otorizasyon pou mande epi konsève enfòmasyon pèsònèl sa yo nan §5 Lwa Fiskal ak §3-503 Lwa sou Obligasyon Jeneral (General Obligations Law). Ou gen obligasyon pou bay enfòmasyon yo. Nou pran enfòmasyon yo pou pèmèt Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) idantifye moun, biznis ak lòt moun ki anreta nan deklarasyon taks sou revni yo oswa ki te ka pa estime obligasyon fiskal yo ase epi anjeneral pou idantifye moun taks afekte ki anba kontwòl Manm Komisyon Taksasyon ak Finans. N ap itilize enfòmasyon yo pou administrasyon taks ak pou nenpòt lòt objektif ki otorize anba Lwa Fiskal (Tax Law), epitou ajans egzeksyon sipò timoun oswa reprezantan otorize eta sa a oswa lòt eta ka itilize enfòmasyon yo dapre Tit IV-D Lwa sou Sekirite Sosyal (Social Security Act), pou detèmine, modifye oswa egzèkite yon lòd sipò, men enfòmasyon yo p ap disponib pou piblik la. Yon eksplikasyon alekri obligatwa kote ou pa bay nimewo a. Direkèt Administrasyon ak Jesyon ap konsève enfòmasyon sa yo nan Sistèm Enfòmasyon Livrezon Lisans nan adrès One Commerce Plaza, 99 Washington Avenue, Albany, NY 12231-0001.

## ÈSKE OU TA RENMEN ENSKRI POU W KA VOTE?

Tanpri ale sou sitwèb Komite Eleksyon Eta New York (NY State Board of Elections) la nan [www.elections.ny.gov/votingregister.html](http://www.elections.ny.gov/votingregister.html) Oswa rele **1-800-FOR-VOTE** pou mande yon fòm Enskripsyon pou Vote nan Eta New York (NYS Vote Registration form).

Pou enskri sou entènèt la, tanpri ale sou [www.ny.gov/services/register-vote](http://www.ny.gov/services/register-vote).

OFFICE  
USE ONLY

UNIQUE ID NUMBER

CLASS

FEE



# Division of Licensing Services

New York State  
Department of State  
Division of Licensing Services  
P.O. Box 22001  
Albany, NY 12201-2001  
Customer Service: (518) 474-4429  
www.dos.ny.gov

## Aplikasyon pou Vin Founisè Aparèy pou Moun Tande – Moun ki Enskri Apa Sètifika Pwovizwa pou Enskripsyon ak Egzamen

### 1) Mwen se yon Odyolojis Lisansye:

- A) **avèk eksperyans** nan vann aparèy pou moun tande nan Eta New York imedyatman anvan 1ye janvye 2000. **Frè ou dwe peye: \$150**
- B) **san eksperyans. Frè ou dwe peye: \$200** (gen ladan frè aplikasyon \$150 dola ak frè egzamen \$50)

### 2) M ap aplike pou premye fwa pou yon premye Sètifika Pwovizwa pou Enskripsyon.

Èske ou se yon etidyan nan domèn odyoloji? Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_  
Frè ou dwe peye a se \$30

### 3) Mwen se yon estajyè/m ap aplike pou premye fwa pou yon lòt Sètifika Pwovizwa pou Enskripsyon.

Èske ou se yon etidyan nan domèn odyoloji? Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_  
Frè ou dwe peye a se \$30

### 4) Mwen se yon estajyè ki te patisipe nan 6 mwa fòmasyon sipèvize ak nan kou enstriksyon, epi kounye a mwen aplike pou yon egzamen.

Frè ou dwe peye: \$50 (frè pou egzamen an)

### 5) Mwen se yon estajyè ki te patisipe nan fòmasyon mwen ak nan kou enstriksyon mwen, epitou mwen te pase egzamen alekri a ak egzamen pratik la. Kounye a, m ap aplike pou yon enskripsyon founisè aparèy pou moun tande. Frè ou dwe peye: \$150 (Enskripsyon pou Moun Apa)

### PA EKRI ANYEN NAN PÒSYON SA A.

150

200

30

30

50

150

## TANPRI EKRI AN LÈT DETACHE

NON FANMI, ANSANM AK TIT (JR, SR, II, III, ELATRIYE)

PRENON

Dezyèm Prenon

ADRÈS KAY — NIMEWO KAY LA AK RI A (OU KA METE BWAT POSTAL POU ASIRE OU RESEVWA DOKIMAN AN)

VIL

ETA

KOD POSTAL + 4

KONTE

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL (GADE AVI SOU KONFIDANSYALITE ENFOMASYON PRIVE)

NIMEWO I.D. FEDERAL (GADE AVI SOU KONFIDANSYALITE ENFOMASYON PRIVE)

TELEFON POU KONTAKTE OU LAJOUNEN (PA OBLIGATWA; si ou gen pwoblèm avèk aplikasyon an)

ADRÈS IMÈL (SI OU GENYEN)

# Aplikasyon pou Vin Founisè Aparèy pou Moun Tande – Moun ki Enskri Apa

- |   | WI    | oswa  | NON   |
|---|-------|-------|-------|
| 1. Èske ou te janm resevwa yon lisans regilye oswa pwovizwa founisè aparèy pou moun tande?<br>→ Si ou reponn <b>W I</b> , mete <input checked="" type="checkbox"/> nan kaz apwopriye ki anba la epi endike dat yo ak nimewo ID inik ou:<br><input type="checkbox"/> Lisans Pwovizwa Ant _____ Ak _____ UID _____<br><input type="checkbox"/> Lisans Regilye Ant _____ Ak _____ UID _____  | _____ | _____ | _____ |
| 2. Èske lajistis te janm kondane ou nan eta sa a oswa lòt kote pou nenpòt zak kriminèl ki se yon deli oswa yon krim?<br>→ Si ou reponn <b>W I</b> , bay yon eksplikasyon alekri pou endike kote a, jiridiksyon tribinal la, kalite zak la, santans lan ak/oswa lòt dispozisyon. Ou dwe bay yon kopi dokiman akizasyon an (pa egzanp, zak akizasyon, enfòmasyon kriminèl oswa plent lan) ak yon Sètifika Dispozisyon an. Si ou posede oswa si ou te resevwa yon Sètifika Soulajman nan Andikap, Sètifika Bon Konduit oswa Padon Egzekitif, ou dwe soumèt yon kopi ansanm avèk aplikasyon sa a. | _____ | _____ | _____ |
| 3. Èske gen nenpòt akizasyon kriminèl (deli oswa krim) ki pandye sou tèt ou nan nenpòt tribinal nan eta sa a oswa lòt kote?<br>→ Si ou reponn <b>W I</b> , ou dwe bay yon kopi dokiman akizasyon an (pa egzanp, zak akizasyon an, enfòmasyon kriminèl, oswa plent).   | _____ | _____ | _____ |
| 4. Èske yo te anile, sispann oswa refize nenpòt lisans oswa pèmi yo te ba ou oswa yon konpayi kote ou se oswa te yon responsab prensipal nan Eta New York oswa lòt kote?<br>→ Si ou reponn <b>W I</b> , ou dwe bay tout dokiman enpòtan yo, tankou detèminasyon ajans lan, si genyen.   | _____ | _____ | _____ |
| 5. Èske ou gen yon diplòm lekòl segondè oswa ekivalan diplòm nan?   | _____ | _____ | _____ |
| 6. Èske ou gen yon diplòm sou dezan oswa 60 èdtan kredi epitou èske ou mete prèv (kopi yon diplòm oswa yon relvednòt orijinal lekòl la)? (Sa pa anvigè pou odyolojis ki gen lisans.)  | _____ | _____ | _____ |
| 7. Ki dat ki fèt ou? _____  | _____ | _____ | _____ |
| 8. Si ou gen yon lisans founisè aparèy pou moun ki tande ki valab oswa yon anrejistreman nan yon lòt eta, endike ki Eta: _____  | _____ | _____ | _____ |

## DEKLARASYON PATWON SOU SÈMAN — Tout moun ki aplike yo (sof odyolojis ki gen lisans) dwe fè founisè ki sipòte yo siyen deklarasyon sou sèman sa a.

Mwen, \_\_\_\_\_, ki se yon dispansè aparèy pou moun tande ki anrejistre, deklare mwen sipòte moun ki gen non li endike anwo a.

Siyati Founisè Sipò a: \_\_\_\_\_ Dat la: \_\_\_\_\_

EKRI Non Founisè Sipò a an LÈT DETACHE: \_\_\_\_\_

Non Biznis lan: \_\_\_\_\_

Adrès Biznis lan: \_\_\_\_\_

UID Founisè Sipò a: \_\_\_\_\_

## TOUT MOUN KI APLIKE — Adrès Biznis lan (Anplwaye yo: espas travay)

NON BIZNIS LAN

ADRÈS BIZNIS LAN — NIMEWO AK RI

VIL

ETA

KÒD POSTAL + 4

KONTE

NIMEWO UID BIZNIS LAN (si ou konnen li)

---

## Aplikasyon pou Vin Founisè Aparèy pou Moun Tande – Moun ki Enskri Apa

---

### Anplwaye Òganizasyon ki Pa La pou Fè Pwofi: Egzanpsyon Frè pou Peye a

Anplwaye Òganizasyon ki Pa La pou Fè Pwofi yo pa bezwen peye frè (aplikasyon) anrejistreman an depi anplwaye Òganizasyon ki Pa La pou Fè Pwofi a pa angaje nan vann aparèy pou tande pou li fè pwofi. Anplwaye Òganizasyon ki Pa La pou Fè Pwofi yo **PA** gen egzanpsyon nan kalifikasyon ki nesèsè pou yo distribiye aparèy pou moun tande. Yo dwe ranpli yon fòm aplikasyon epitou yo dwe gen tout kalifikasyon ki nesèsè pou yo resevwa yon anrejistreman founisè aparèy pou moun tande. Anplwaye Òganizasyon ki Pa La pou Fè Pwofi yo **PA** gen egzanpsyon nan frè pou yo peye pou egzamen an.

Èske ou se yon anplwaye yon Òganizasyon ki Pa La pou Fè Pwofi ki pa angaje nan vann aparèy pou moun tande pou fè pwofi?

WI                       NON

Si ou reponn wi, n ap anile frè anrejistreman pwovizwa \$30 ak frè anrejistreman \$150 pou ou. Ou **PA** gen egzanpsyon nan frè pou peye pou egzamen an.

---

---

### Rapò konsènan Sipò Timoun

**Depi mwen siyen aplikasyon sa a**, mwen konfime apati dat ki nan aplikasyon sa a, mwen pa anba yon obligasyon pou peye sipò timoun **OSWA** si mwen anba yon obligasyon pou peye sipò timoun, mwen pa anreta depi kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere nan peman sipò timoun, oswa m ap fè peman dapre egzekisyon sou revni oswa dapre plan peman oswa plan ranbousman tribinal egzije oswa dapre plan toulède moun ki konsène yo dakò oswa obligasyon mwen pou peye sipò timoun ka depannde yon pwosedi tribinal ki annatant, oswa m ap resevwa èd piblik oswa revni sekirite siplemantè.

**Konfimasyon Moun ki Aplike a** – Mwen konfime, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, deklarasyon mwen fè yo nan aplikasyon sa a se deklarasyon ki vrè ak kòrèk. Answit, mwen konfime mwen li epi konprann dispozisyon Tit 27 Lwa Jeneral sou Biznis ak règleman yo pibliye annapre.

X \_\_\_\_\_  
*Siyati Moun ki Aplike a*

\_\_\_\_\_ *Dat la*

# Aplikasyon pou Vin Founisè Aparèy pou Moun Tande – Moun ki Enskri Apa

Tanpri sonje pou mete tout dokiman yo ansanm avèk fòm sa a ak frè apwopriye yo (ou dwe peye NYS Department of State). Anvan ou voye kourye ou pa lapòs nan adrès Department of State, Division of Licensing Services, P.O. Box 22001, Albany, NY 12201-2001, tanpri pran yon ti moman pou verifye sa w ap voye pa lapòs avèk lis tout dokiman ki obligatwa ki endike anba la a:

1) Si ou se yon Odyolojis ki gen lisans:



- A) **avèk eksperyans** nan vann aparèy pou tandè nan Eta New York imedyatman anvan 1ye janvyè 2000, mete yon frè **\$150** pou aplikasyon an ap prèv lisans valab ou genyen kòm yon odyolojis ak prèv eksperyans ou imedyatman anvan 1ye janvyè 2000.

**OSWA, si ou se yon Odyolojis ki gen lisans:**

- B) **san eksperyans**, mete yon frè **\$200** pou aplikasyon an (pou peye aplikasyon \$150 ak frè \$50 pou egzamen) **ak** yon kopi dènve lisans odyoloji ou.

- 2) **Si ou aplike pou premye fwa**, mete yon frè **\$30** pou Aplikasyon an (pou yon Sètifika Anrejistreman Pwovizwa), prèv patisipasyon nan swa yon diplòm sou dezan oswa 60 èdtan kredi (kopi yon diplòm oswa yon relvednòt orijinal lekòl), **epitou** asire **Deklarasyon Patwon sou Sèman** (*gade paj 2 a*) ranpli ak siyen.

- 3) **Si ou se yon estajye k ap aplike pou yon lòt Sètifika Anrejistreman Pwovizwa**, mete yon frè **\$30** (pou yon Sètifika Anrejistreman Pwovizwa) **epitou** asire **Deklarasyon Patwon an sou Sèman** (*gade paj 2 a*) ranpli ak siyen.

- 4) **Si ou se yon estajye ki te patisipe nan 6 MWA FÒMASYON SIPÈVIZE ak yon kou enstwiksyon**, mete yon frè \$50 pou egzamen an **ak** yon Sètifika Patisipasyon nan Kou avèk Satisfaksyon (Swa se founisè sèvis edikasyon oswa founisè aparèy pou moun tandè ki anrejistre Depatman-Deta apwouve ki te ba ou li) **ak** Sètifika ranpli a ki gen 6 Mwa Fòmasyon nan vann aparèy pou Tandè founisè aparèy pou tandè anrejistre te ba ou.

- 5) Pou moun k ap aplike kounye a pou yon anrejistreman founisè aparèy pou moun tandè paske yo te patisipe nan fòmasyon ak kou enstwiksyon epitou paske yo pase egzamen alekri a ak egzamen pratik la, sonje pou ranpli aplikasyon an epitou sonje pou mete yon frè **\$150** pou aplikasyon an ak Sètifika 12 Mwa Fòmasyon ou resevwa nan vann aparèy pou Moun Tande founisè aparèy pou moun tandè anrejistre ba ou.

**Li enpòtan pou fè divizyon an konnen nenpòt chanjman nan adrès kay ou ak nan adrès biznis ou pou ou kapab resevwa avi renouvèlman yo ak lòt notifikasyon ki gen pou wè ak lisans ou.**